

BAB V

Panutup

A. DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan babagan konflik sosial ing novel Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi menika saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutan ingkang kapendhet inggih menika

1. Wujud konflik sosial wonten ing novel Klelep ing Samodra Rasa inggih menika: duka, boten saged nampi kahanan, padudon, boten ajrih, boten blaka, pameksa.
2. Wujud konflik duka antawisipun Bu Anggra ingkang dukani Yakob amargi mboten wangsul kaliyan Dewi, amargi larenipun menika namung wangsulaken sepedanipun.
3. Wujud konflik duka antawisipun Bu Septi ingkang duka amargi sampun mangertosi hubunganipun Dewi kaliyan Pak Panji lajeng dipun emutaken supados mboten ngrisak liyan inggih menika kaluwarganipun Bu Septi.
4. Wujud konflik duka salajengipun antawis Bu Anggra ingkang ngendikan supados Dewi mboten tresna kaliyan tiyang ingkang

sampun gadhah garwa lajeng dipunngemut-emut bab pangesanipun ingkang kala semanten babpakipun nilar Bu Anggra lan Dewi amargi tiyang sanes.

5. Wujud *konflik* boten saged nampi kahanan menika dipunlampahi dening Dewi ingkang ngraosaken sampun trena ananging tresnanipun dipuncetak kaliyan Bu Septi. Lajeng Dewi nyuntak sedaya uneg-unegipun dhateng Bu Anggra.
6. Wujud *konflik* boten saged nampi kahanan menika dipunlampahi Yakob ingkang mboten saged nampi kahanan amargi tresnanipun mboten dipuntampi Dewi, ananging malah dipuncampahi. Lajeng Yakob ngukara ingkang mboten sae dateng Dewi.
7. Wujud *konflik* boten saged nampi kahanan menika dipunlampahi malih kaliyan Yakob amargi awit tindakan sesarengan kaliyan Dewi, dumadakan Pak Panji ngengken Dewi tumut kaliyan Pak Panji. Yakob ingkang ugi tresna kaliyan Dewi mboten purun nampi kahanan menika.
8. Wujud *konflik* sosial pameksan antawisipun paraga Dewi kaliyan Pak Panji ingkang meksa numbasaken kalung emas kangge Dewi.
9. Wujud *konflik* sosial pameksan antawisipun paraga Pak Panji ingkang dipunpeksa nampi dados garwanipun Bu Septi kangge syarat supados mboten dipunlebetaken kunjara.

10. Wujud *konflik* sosial padudon antawisipun Bu Septi ingkang ngatonake ewa dateng Pak Panji ingkang ngrumaos sedaya kamulyan ingkang dipunlampahi Pak Panji menika kagunganipun Pak Basuki inggih menika bapakipun.

B. IMPLIKASI

Adhedhasar saking panaliten saha pirembagan ingkang gayut kaliyan panaliten *konflik sosial* wonten ing novel *Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi* saged dipundamel implikasi, inggih menika:

1. Panaliten menika ngrembag wujud *konflik* sosial, prekawis menapa kemawon ingkang jalari *konflik* sosial, saha kados pundi caranipun paraga mungkasi *konflik* kasebat wonten ing novel *Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi*.
2. Pangertosan panyerat babagan wujud-wujudipun *konflik* sosial wonten ing novel *Klelep ing Samodra Rasa* dados sarana pirembagan wonten ing panaliten saha saking pangertosan babagan wujud *konflik* sosial kalawau saged dipunkembangaken kados menapa prekawis ingkang jalari saha cara mungkasinipun.
3. Panaliten menika caos piwucal dhateng sedaya pamaos *khususipun*

kangge tiyang ingkang nembe nglampahi naminipun tresno, amargi mboten sedaya prakawis saged dipunijoli ngangge arta lan banda. Kita ugi saged bangkit menawi nglampahi pagesangan ingkang mboten lurus, amargi margi menika mbelok" kaya margining pagesangan menika. Sedayanipun saged dipunconto wonten ing novel Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi.

C. PAMRAYOGI

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan *konflik* sosial wonten ing novel Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi, wonten mapinten –piinten ingkang kedah dipungatosaken inggih menika :

1. Panaliten menika namung ngrembag babagan wujud *konflik* sosial, perkawis ingkang jalari *konflik* sosial, saha kados pundi caranipun mungkasi *konflik* kasebat. Panaliti salajengipun saged ngrembag *konflik-konflik* sanesipun.
2. Panaliten menika namung *fokus* kaliyan wujud *konflik* sosial wonten ing novel Klelep ing Samodra Rasa kemawon, panaliti salajengipun saged ngrembag latar belakang sosial paraga wonten ing novel utawi saged ngrembag nilai moral ingkang saged kapendhet wonten ing naskah.
3. Panaliten menika kalebet panaliten ingkang ngrembag novel Klelep ing Samodra Rasa kanthi *fokus* sosiologi sastra. Panaliti salajengipun saged ngrembag novel Klelep ing Samodra Rasa menika kanthi fokus

basa lan sapanunggalanipun.